

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Prosès pangajaran kudu bisa ngajadikeun siswa paham kana materi anu ditepikeun, sabab pangajaran miboga peran penting pikeun nyerdaskeun kahirupan bangsa (Wijanarko, 2017 kc. 52). Kaparigelan basa Sunda téh diwangun ku opat aspék, nyaéta (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca jeung (4) nulis. Nu jadi puseur dina ieu panalungtikan nyaéta masalah kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis ogé kaasup kana tahap kadua jeung kagiatan diajar maca atawa sok disebut aktif produktif (Haerudin, D & Suherman, 2013 kc. 7). Kaparigelan nulis teu datang sacara otomatis, tapi ngaliwatan latihan jeung praktik anu teratur. Nulis téh nempatkeun simbol-simbol grafis anu ngagambarkeun basa anu dipipaham ku jalma, tuluy bisa dibaca ku batur anu maham kana éta basa jeung simbol-simbol grafisna (Dameyanti, 2018 kc.129).

Nulis penting pikeun jalma dina kahirupan sapopoé, utamana dina pangajaran nu aya di sakola. Nulis mangrupa hiji kagiatan nepikeun pesen ngagunakeun basa salaku alat jeung mediana (Rahman, 2022 kc. 323). Upamana siswa téh resep kanu nulis, tangtu bakal resep kana kaparigelan nu lianna. Tapi kanyataan anu aya di lapangan dina kaparigelan nulis téh kurang pisan, teu saeutik siswa anu teu bisa nulis jeung ngebrehkeun idé-idéna kalayan bener. Ieu hal téh saluyu jeung pamadegan Ridho H, (dina Nurjanah 2018 kc.135) lamun faktor-faktor anu nyebabkeun basa sunda dianggap hésé nyaéta minat siswa dina pangajaran nulis, siswa teu bisa milih kecap anu saluyu jeung nu dipikahayang dina ngagunakeun diksi jeung tema anu ditulis. Anu antukna ngajadikeun siswa pikeun resep kana nulis jeung miboga kahayang pikeun nulis téh saluyu jeung ieu pamadegan nu aya dina salasahiji panalungtikan nu dilakukeun Haryadi (2019) nu medar ngeunaan “Pengaruh Model Pembelajarananan *Brainwriting* Terhadap Kemampuan Mahasiswa Menulis Artikel Di Media Massa”. Hasil tina éta panalungtikan téh nétélakeun yén ayana parobahan nulis artikel dina média massa ngagunakeun modél pangajaran *brainwriting*. Lian ti éta aya ogé panalungtikan ku Irawati (2019) nu medar ngeunaan “Pengembangan Kreativitas Siswa Melalui

Penerapan Model *Brainwriting* Berbantuan Media Komik”. Hasil tina éta panalungtikan téh nétélakeun yén ngaronjatna nulis carita fantasi dina pangajaran basa Indonesia ngagunakeun model *brainwriting* nu dibantu ku media komik kelas VII-D SMP Negeri 2 Parompong Kota Bandung.

Kegiatan nulis carita pondok kudu merhatikeun kana struktur jeung aspék kabasaan, saluyu jeung kegiatan nu kudu diajarkeun di SMA sabab pangajaran nulis carita pondok aya dina kegiatan jeung kaasup kana bagéan pangajaran basa Sunda. Pangajaran nulis carita pondok siswa di SMA aya di kelas XI ditétélakeun yén KI 3 (Pangaweruh) 3.3 nyaéta *menganalisis isi, struktur dan aspék kebahasaan carita pondok*. Salian ti éta KD 4 (Kaparigelan) 4.3 nyaéta *menulis carpon sederhana dengan memperhatikan struktur dan kaidah kebahasaan*.

Masalah anu karandapan nyaéta héngkérna faktor kamampuh nulis, sabab kaparigelan nulis dianggap pangajaran anu kurang ngirut jeung panghéséna (Mahmud, 2017 kc. 33). Salian ti éta héngkérna motivasi pikeun nulis jeung bahan anu dipiboga hésé dimekarkeun (Budiani, 2018 kc.7). Ku kituna guru kudu nyiptakeun prosés pangajaran anu ngirut, kréatif tur hadé pikeun pangajaran utamana dina pangajaran nulis. Ieu hal téh saluyu jeung panalungtikan Budiani (2018) medar ngeunaan “Peningkatan Keterampilan Menulis Teks Eksposisi Dengan Menggunakan Metode *Brainwriting*”. Hasil tina ieu panalungtikan yén ayana parobahan tina nulis téks éksposisi ngagunakeun metode *brainwriting* ka siswa kelas X.IIK MAN Salatiga. Lian ti éta, aya pamadegan ti Sumartini (2019) medar ngeunaan “Model *Brainwriting* Dalam Meningkatkan Kemampuan Menulis Wawangsalan”. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén ngaronjatna siswa sabada ngagunakeun model *brainwriting* dina nulis wawangsalan.

Nulis mangrupa kaparigelan anu kudu dilatih sacara soso-soso. Dina kaparigelan nulis jalma dituntut pikeun mikir, ngagunakeun basa, jeung ayana prosés kréativitas. Ku kituna, latihan nulis mangrupa konci utama pikeun ngahontal kasuksésan kaparigelan nulis sacara bener tur hadé (Pergiwati, 2016 kc. 1). Kaparigelan nulis nyaéta salasahiji karya tinulis anu mangrupa hasil tina pangalaman anu ngirut ati, tuluy dikréasikeun sacara fantasi, kréatif jeung imajinasi. Nulis sacara kréatif aya dina ranah sastra, sabab ciri utama nulis kréatif

nyaéta imajinasi anu digunakeun pikeun ngokolakeun pangalaman nepi ka jadi hiji karya anu éndah (Dameyanti, 2018 kc.129-130).

Sangkan tujuan dina pangajaran kahontal, guru kudu ngagunakeun modél pangajaran anu bisa ngajieun siswa aktif jeung mikir kritis saperti modél *brainwriting*. Modél pangajaran *brainwriting* dianggap bisa jadi solusi, sabab ngadukung siswa dina mekarkeun idé atawa topik dina wangun teks pondok nepi ka panjang (Sumartini, 2019 kc. 215). Salian ti éta modél *brainwriting* digunakeun pikeun néangan gagasan atawa idé jeung ngaronjatkeun katerampilan siswa dina wangun tinulis antar hiji siswa jeung siswa séjénna atawa diskusi kelompok pikeun méré idé (Hidayati, 2019 kc. 3).

1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, aya sawatara hal anu bisa diidéntifikasi pikeun ditalungtik, nyaéta:

- a. Kurangna kamampuh siswa kana nulis eusi cdina carita pondok boh dina strukturna boh aspék kabasaanana.
- b. Modél pangajaran *brainwriting* teu acan kungsi dipaké dina pangajaran materi carita pondok.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022 dumasar kana hasil *pretest* ngagunakeun modél *brainwriting*?
- b. Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun ajar 2021/2022 dumasar kana hasil *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*?
- c. Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun ajar 2021/2022 dumasar kana hasil *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan mibanda tujuan umum jeung husus. Anapon tujuan umum jeung tujuan husus saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nguji éféktif henteuna modél *brainwriting* dina pangajaran nulis carita pondok ka siswa kelas XI. Bisa ogé digunakeun ku guru dina ngararancang, ngalaksanakeun jeung ngaévaluasi prosés pangajaran nulis carita pondok, sarta pikeun mikanyaho téhnik anu dipikaresep ku siswa.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022 dumasar hasil *pretest* ngagunakeun modél *brainwriting*;
- b. Kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022 dumasar hasil *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*; jeung
- c. Béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa kelas XI IPS 4 SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajar 2021/2022 dumasar hasil *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun kamekaran widang atikan dina milih modél pangajaran anu éféktif pikeun pangajaran nulis. Hususna nulis carita pondok.

1.4.1 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan dipedar saperti:

- a. Pikeun siswa, sangkan panagajar nulis carita pondok ngirut siswa, anu satuluyna bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa.
- b. Pikeun guru, salasihiji cara alternatif guru pikeun ngajar ngagunakeun modél pangajaran nulis jeung jadi acuan bahan référénsi.
- c. Pikeun dunya atikan, bisa mekarkeun jeung ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra Sunda.

1.4.2 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun mekarkeun tiori modél pangajaran nulis dina basa Sunda. Dipiharep hasilna bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis carita pondok jeung alternatif pikeun guru dina pangajaran nulis carita pondok modél *brainwriting* atawa modél séjén.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

Bab I bubuka ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan operasional, anggapan dasar jeung raraga tulisan.

Bab II ngawengku ulikan teori, panalungtikan saméméhna, raraga mikir jeung hipotésis, anu ngawengku ngeunaan modél *brainwriting*, nulis carita pondok jeung sagala hal anu aya patalina jeung matéri bahan pangajaran.

Bab III ngawengku métode panalungtikan, désain panalungtikan, populasi jeung sampel, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

Bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan kamampuh nulis carita pondok dumasar hasil *pretest* ngagunakeun modél *brainwriting*, kamampuh nulis carita pondok dumasar hasil *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*, sarta aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carita pondok siswa dumasar hasil *pretest* jeung *posttest* ngagunakeun modél *brainwriting*.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi.